# Allahumma laka aslamtu, wa bika aamantu, wa halayka tawakkaltu, wa ilayka anabtu, wa bika xaasamtu, Allaahuma innii ahuusu bihissatika, laa ilaaha illaa Anta an tadillanii, Anta Al-Hayyu Allasii laa yamuutu, wal insu wal jinnu yamuutuuna

Jële na ñu ci Ibn Abbaas yal na leen Yàlla dollee gërëm mu wax ne Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan na wax: "Allahumma laka aslamtu, wa bika aamantu, wa halayka tawakkaltu, wa ilayka anabtu, wa bika xaasamtu, Allaahuma innii ahuusu bihissatika, laa ilaaha illaa Anta an tadillanii, Anta Al-Hayyu Allasii laa yamuutu, wal insu wal jinnu yamuutuuna".

[Wér na] [متفق عليه، وهذا لفظ مسلم ورواه البخاري مختصرًا]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc bu daan ñaan daan na wax: (yaw sama Boroom yaw rekk laa jébbalul) daal di wommatu, (te yaw rekk laa gëm) dëggal naa saxal naa, (te ci yaw rekk laa wakkirlu) bàyyeel la lépp sukkandiku ci yaw, (te ci yaw rekk laa dellu) dellu ci yaw jublu la, (te ci yaw rekk laay xuloo) di dàggasante ak sa noon yi, (yaw sama Boroom maa ngi muslu) di làqatu, (ci sag teddnga) sag terewu ak sag noteel, (amul kenn ku ñu war a jaamu ku dul yaw) amul lu ñuy jaamu ci dëgg ku dul yaw, (nga sànk ma) wolif njub ga ak dëppoo ak sa ngërëm, (yaw yaay Aji-Dund ji dul dee) du jeex, (te jinne yi ak nit ñi dañuy dee).

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3056

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY

لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee